



# Limit En poustan (1%) nan Delaware Demann Ekzanpsyon

*Depase en poustan (1%) patisipasyon etidyan nan evalyasyon altènativ eta  
a  
Annakò ak ESEA 1111(b)(2)(D) ak 34 C.F.R. §200.6(c) ak (d)*

MINISTÈ EDIKASYON NAN DELAWARE  
BIWO EVALYASYON

401 FEDERAL STREET  
DOVER, DE 19901  
302-857-3391

MICHELLE JACKSON, ASOSYE EDIKASYON, POPILASYON ESPESYAL  
[Michelle.Jackson@doe.k12.de.us](mailto:Michelle.Jackson@doe.k12.de.us)

THERESA BENNETT, DIREKTÈ, BIWO EVALYASYON  
[Theresa.Bennett@doe.k12.de.us](mailto:Theresa.Bennett@doe.k12.de.us)

## TAB MATYÈ

Entwodiksyon .....	2
Tab 1: To Patisipasyon nan Evalyasyon altènatif anfonksyon Domèn Kontni	2
.....	
Kondisyon pou Demann Ekstansyon Ekzanpsyon pou En Pousan (1%)	3
Kondisyon 1 (§200.6(c)(4)(i)).....	3
Eta a mande yon ekzanpsyon pou ekzijans 90 jou sa akoz enfòmasyon yo ofri anwo a. Nan tan fiti, eta a pral soumèt yon demann ekzanpsyon 90 jou anvan peryòd otòn lan ouvri.	3
Kondisyon 2 (§200.6(c)(4)(ii)) .....	3
Tab 2: To Patisipasyon nan Evalyasyon altènatif ELA pa Sou-Gwoup .....	4
Tab 3: To Patisipasyon nan Evalyasyon altènatif Matematik pa Sou-Gwoup .....	4
Tab 4: To Patisipasyon nan Evalyasyon altènatif Syans pa Sou-Gwoup.....	5
Tab 5: To Patisipasyon Etidyan ak Andikap nan Evalyasyon DeSSA pa Domèn Kontni.....	5
Tab 6: To Patisipasyon pou tout Etidyan nan Evalyasyon DeSSA pa Domèn Kontni.....	6
Tab 7: To Patisipasyon nan altènatif DeSSA pa Domèn Kontni .....	6
Ekzijans 3 (§200.6(c)(4)(iii)) .....	7
Ekzijans4 (§200.6(c)(4)(iv)) .....	8
<b>Siveyans LEAs:</b> Nivo Sipò.....	8
Plan ekzanpsyon Delaware 2021-22 .....	9
Sipò invèsèl .....	10
Sipò Nivo 1 .....	11
Sipò Nivo 2 .....	11
Sipò Nivo 3 .....	11
Kalandriye Delaware .....	12

## **Ministè Edikasyon nan Delaware**

### **Demann Ekzanpsyon En Pousan**

**(1%)**

**Annakò ak ESEA 1111(b)(2)(D) ak 34 C.F.R. §200.6(c) ak (d)**

**20 Desanm, 2021**

---

#### **Entwodiksyon**

Tit 1 nan Lwa Edikasyon Elementè ak Segondè nan lane 1965 ( Elementary and Secondary Education Act, ESEA), jan li te modifye pa Lwa Tout Etidyan Reyisi nan lane 2015 ( Every Student Succeeds Act, ESSA) [ESEA §111(b)(2)(D) ak 34 CFR 200.6(c) ak (d), modifye pwovizyon ki di etidyan ki gen andikap koyitif ki pi konsiderab yo ka patisipe nan evalyasyon altènatif ki baze sou estanda reyalizasyon akademik altènatif (evalyasyon altènatif) ESSA plase yon limit 1.0% sou kantite etidyan ki ka patisipe nan evalyasyon altènatif. Eta ki antisipe yo pral depase limit 1.0% dwe soumèt yon demann ekzanpsyon bay Ministè Edikasyon Etazini.

Evalyasyon altènatif Ministè Edikasyon nan Delaware (DDOE) lan ki baze sou estanda reyalizasyon akademik altènatif rele DeSSA-Alternate la (altènatif-DeSSA). To patisipasyon DDOE pou ane 2020-2021 te 1.35 pou Aktivite Atistik Lang anglè ak Matematik, epi 1.64 pou Syans.

Dapre done sa yo, DDOE ap soumèt demann ekzanpsyon obligatwa pou patisipasyon evalyasyon altènatif yo antisipe ki plis pase 1% annakò ak ekzijans ekzanpsyon nan administrasyon prentan 2020 an.

Ajans Edikasyon Eta a k ap mande ekzanpsyon dwe adere tou ak ekzijans ki estipile nan 34 C.F.R ak §200.6(c)(4), epi ou ka jwenn yo anba a.

Si yon Eta antisipe li pral depase limit ki anba paragraf (c)(2) nan seksyon sa a nan sa ki konsène nenpòt matyè kote yo administre evalyasyon yo nan kad §200.2(a)(1) pou nenpòt ane eskolè, Eta a ka made pou Sekretè a retire limit la pou matyè ki koresponn lan, annakò ak seksyon 8401 nan Lwa a, pou yon ane. Yon demann konsa dwe—  
(i) soumèt omwen 90 jou anvan kòmansman peryòd evalyasyon Eta a pou matyè ki koresponn lan;

**Tab 1: To Patisipasyon Evalyasyon altènatif anfonksyon domèn Kontni**

Domèn Kontni	Kantite total etidyan yo te evalye an 2021	Kantite etidyan yo te evalye nan Evalyasyon altènatif 2021 an	Pousantaj etidyan yo te evalye nan Evalyasyon altènatif 2021 an
ELA	46854	631	1,35
Matematik	46513	630	1,35
Syans	16425	269	1,64

## **Ekzijans Demann pou Ekstansyon Ekzanpsyon En Pousan (1%)**

**Ekzijans 1 (§200.6(c)(4)(i)):** Soumèt demann ekzanpsyon an omwen 90 jou anvan peryòd evalyasyon an kòmanse pou matyè ki koresponn lan.

Peryòd evalyasyon nan Delaware pou Evalyasyon altènatif DeSSA a pou etidyan ki gen andikap koyitif ki konsiderab rete ouvri apati 13 septanm, 2021 jiska 20 me, 2022. Nan dat 29 oktòb, DDOE te resevwa enfòmasyon an nan men USED. Dapre oryantasyon ki ofri nan nòt sa a, Eta a ap aplike pou yon nouvo ekzanpsyon paske yo pa t akòde Eta a yon demann ekstansyon ekzanpsyon nan 2019-20.

Oryantasyon sa a te ofri apre peryòd evalyasyon nou an te ouvri nan otòn lan. Oparavan, Delaware te itilize modèl Fen-Ane pou ofri evalyasyon altènatif li an, sa ki te plase dat soumisyon an nan desanm. Ane sa a, Delaware te vini ak modèl Entegre-Pedagojikman pou evalyasyon altènatif li an, ki kòmanse an septanm.

**Eta a ap mande yon ekzanpsyon pou ekzijans katrevendis (90) jou an,** akoz enfòmasyon ki ofri pi wo a. Apati de kounye a, eta a pral soumèt yon demann ekzanpsyon 90 jou anvan peryòd otòn lan ouvri.

**Ekzijans 2 (§200.6(c)(4)(ii)):** Ofri done onivo eta a, soti nan ane aktyèl oubyen ane pase a, pou montre: (A) kantite ak pousantaj nan chak sou-gwoup ki te pran AA-AAAS nan domèn matyè a; epi (B) Eta a te mezire rezulta pou omwen 95% tout etidyan yo epi etidyan ak andikap yo ki enskri nan klas kote AA-AAAs la obligatwa.

Akoz pètibasyon tès ki lye ak COVID, Eta a pa t satisfè ekzijans 95 pousan an nan ane eskolè 2020-21. Ankonsekans, **Eta a mande yon ekzanpsyon pou ekzijans to patisipasyon 95 pousan ou jwenn nan 34 C.F.R §200.6(c)(4)(ii)(B).**

Lè sa aplikab, Eta pral ofri tou yon estimasyon kredib sou kantite ak pousantaj etidyan (sa enkli sou-gwoup, si posib), li atann ki pral pran evalyasyon altènatif lan nan ane eskolè 2021-22.

Yon rezime done sou-gwoup pou patisipasyon evalyasyon altènatif la onivo eta Delaware la anfonkyson matyè parèt nan Tab 2 - 7.

Nan objektif rapò publik nan nivo eta a, yo itilize règ antrepriz swivan yo:

- Si yon chif pou yon gwoup oubyen sou-gwoup nan "kantite teste" rive ant en (1) ak kenz (15), kantite etidyan an reprezante pa " $\leq 15$ " epi pousantaj yo ak mwayèn yo rapòte pou gwoup la.
- Si chif pou yon gwoup oubyen sou-gwoup nan "kantite teste" se zewo (0), kantite etidyan yo rapòte a kòm zewo (0) epi yon asteris (\*) parèt nan kolòn kote pousantaj oubyen mwayèn ta pral nòmalman parèt.

**Tab 2: To Patisipasyon Evalyasyon altènatif ELA pa Sou-gwoup**

ELA	2021			2022		
	Kantite Total nan Etidyan Evalye	Chif total Evalye nan Evalyasyon Altènatif	% Kap pran Evalyasyon Altènatif Eta a	Total Estime Chif nan Etidyan pou pral evalye	Estimasyon Kantite total Evalye pou Evalyasyon Altènatif	% yo atann pou Pran Evalyasyon Altènatif eta a
Tout etidyan yo	46854	631	1,35	76661	994	1,30
Fi	22753	197	0,87	37408	303	0,81
Gason	24101	434	1,80	39255	691	1,76
Panyòl	9370	98	1,05	14452	152	1,05
Endyen Ameriken	172	*	*	320	<=15	0,63
Afriken Ameriken	12137	242	1,99	24019	382	1,59
Blan	21214	246	1,16	30852	373	1,21
Azyatik Ameriken	1908	16	0,84	3165	34	1,07
Awayen/Abitan Zile Pasifik	65	<=15	1,54	123	*	0,00
Plizyè ras	1988	28	1,41	3730	51	1,37
Revni ki ba	11783	205	1,74	18589	264	1,42
ELL	5399	<=15	0,24	8099	<=15	0,17
Sanzabri	677	25	3,69	1114	22	1,97

**Tab 3: To Patisipasyon Evalyasyon altènatif Matematik pa Sou-gwoup**

Math	2021			2022		
	Kantite total etidyan yo evalye	Kantite total yo evalye nan evalyasyon altènatif	% k ap pran evalyasyon altènatif eta a	Estimasyon kantite total etidyan ki pou evalye	Estimasyon kantite total etidyan ki pou evalye nan Evalyasyon altènatif	% yo atann ki pou pran evalyasyon altènatif eta a
Tout etidyan yo	46513	630	1,35	76661	994	1,30
Fi	22560	196	0,87	37408	303	0,81
Gason	23953	434	1,81	39255	691	1,76
Panyòl	9373	98	1,05	14452	152	1,05
Endyen Ameriken	175	*	*	320	<=15	0,63
Afriken Ameriken	12001	241	2,01	24019	382	1,59
Blan	21034	246	1,17	30852	373	1,21
Azyatik Ameriken	1903	16	0,84	3165	34	1,07
Awayen/Abitan Zile Pasifik	63	<=15	1,59	123	*	0,00
Plizyè ras	1964	28	1,43	3730	51	1,37
Revni ki ba	11639	205	1,76	18589	264	1,42
ELL	5448	<=15	0,20	8099	<=15	0,17
Sanzabri	686	24	3,50	1114	22	1,97

**Tab 4: To patisipasyon Evalyasyon altènatif pou Syans pa Sou-Gwoup**

Syans	2021			2022		
	Kantite Total nan Etidyan Evalye	Kantite total Evalye nan Evalyasyon Altènatif	% Kap pran Evalyasyon Altènatif Eta a	Estimasyon kantite total Etidyan ki pral evalye	Estimasyon kantite total ki pou Evalye nan Evalyasyon Altènatif	% yo atann pou Pran Evalyasyon Altènatif eta a
Tout etidyan yo	16425	269	1,64	34512	455	1,32
Fi	17226	162	0,94	16812	148	0,88
Gason	17415	336	1,93	17700	307	1,73
Panyòl	6435	70	1,09	6685	71	1,06
Endyen Ameriken	133	<=15	0,75	147	1	0,68
Afriken Ameriken	10877	205	1,88	10902	182	1,67
Blan	14328	187	1,31	13765	161	1,17
Azyatik Ameriken	1391	16	1,15	1291	15	1,16
Awayen/Abitan Zile Pasifik	42	*	*	53	0	0,00
Plizyè ras	1508	19	1,26	1668	24	1,44
Revni ki ba	3865	82	2,12	8100	140	1,73
EL	1616	<=15	0,12	3133	5	0,16
Sanzabri	253	<=15	3,56	470	8	1,70

Tout etidyan patisipe nan evalyasyon eta a nan klas 3yèm- 8yèm ak 11yèm ane pou ELA ak matematik, ansanm ak sa ki nan klas 5yèm, 8yèm, ak Byoloji pou klas segondè pou syans. Etidyan patisipe nan evalyasyon edikasyon jeneral ak oubyen san aranjman oubyen patisipe nan evalyasyon altènatif la.

Nan administrasyon prentan 2021, Delaware pa t satisfè oryantasyon federal ki etabli to patisipasyon 95% pou etidyan andikape ak tout etidyan yo nan chak domèn matyè jan yo montre nan tab 5 anba a.

Akoz pètibasyon tès ki lye ak COVID, Eta a pa t satisfè ekzijans 95 pouusan an nan ane eskolè 2020-21. Ankonsekans, **Eta a mande yon ekzanpsyon pou ekzijans to patisipasyon 95 pouusan** yo jwenn nan 34 C.F.R §200.6(c)(4)(ii)(B).

**Tab 5: To Patisipasyon Etidyan ki gen Andikap nan evalyasyon DeSSA pa domèn matyè**

Domèn Kontni	Kantite total etidyan ki gen andikap ki elijib an 2021	Kantite total etidyan ki gen andikap ki te patisipe nan evalyasyon eta 2021	To patisipasyon 2021
ELA	14164	8431	59,52
MATEMATIK	14164	8443	59,61
SYANS	6290	2974	47,28

Delaware pa t satisfè to patisipasyon pou tout etidyan yo nan Evalyasyon DeSSA jan sa parèt nan tab 6 anba a. Akoz pètibasyon tès ki lye ak COVID, Eta a pa t satisfè ekzijans 95 poustan an nan ane eskolè 2020-21. Ankonsekans, **Eta a mande yon ekzanpsyon** pou ekzijans **to patisipasyon 95 poustan** yo jwenn nan 34 C.F.R §200.6(c)(4)(ii)(B).

**Tab 6: To Patisipasyon pou tout Etidyan nan Evalyasyon DeSSA pa Domèn Matyè**

Domèn Kontni	Kantite total ki elijib pou Evalyasyon altènatif ak Edikasyon Jeneral Eta Pou 2021	Kantite total etidyan ki te patisipe pou 2021	To patisipasyon pou 2021
ELA	75247	46854	62,27
MATEMATIK	75371	46513	61,71
SYANS	34641	16425	47,41
Domèn Matyè	Kantite total elijib pou Evalyasyon altènatif ak Edikasyon Jeneral Eta Pou 2022	Kantite total nan Etidyan yo atann pou patisipe pou 2022	To patisipasyon antisipe 2022
ELA	74714	p/a	95%
MATEMATIK	74714	p/a	95%
SYANS	34513	p/a	95%

Delaware pa t satisfè kritè to patisipasyon pou evalyasyon altènatif DeSSA. Akoz pètibasyon tès ki lye ak COVID, Eta a pa t satisfè ekzijans 95 poustan an nan ane eskolè 2020-21. Ankonsekans, **Eta a mande yon ekzanpsyon** pou ekzijans **to patisipasyon 95 poustan** ou jwenn nan 34 C.F.R 200.6(c)(4)(ii)(B).

**Tab 7: To Patisipasyon nan altènatif DeSSA pa domèn matyè**

Domèn Matyè	Total elijib pou Evalyasyon altènatif 2021	Total Eljib ki te patisipe nan Evalyasyon altènatif 2021	To patisipasyon 2022
ELA	1067	631	59,14
MATEMATIK	1065	630	59,15
SYANS	498	269	54,02
Domèn Matyè	Total elijib pou Evalyasyon altènatif 2022	Kantite total etidyan yo atann pou patisipe nan 2022	To patisipasyon antisipe 2022
ELA	74714	pa aplikab	95%
MATEMATIK	74714	pa aplikab	95%
SYANS	34513	pa aplikab	95%

**Ekzijans 3 (§200.6(c)(4)(iii)): Ofri garanti eta a te verifye chak LEA Eta antisipe pral evalye plis pase 1.0 poustan nan etidyan ki evalye li yo nan yon matyè lè yo itilize AA-AASs te fè sa ki annapre a:**

**(A) Te swiv oryantasyon patisipasyon eta a;**

Delaware te gen tout Ajans Edikasyon Lokal yo (Local Education Agencies, LEAs) nan eta soumèt yon fòmilè jistifikasyon ki gen 2 pati. Tout LEAs yo ranpli pati A, ki founi pwojeksyon patisipasyon pou administrasyon evalyasyon prentan an. Si LEA an antisipe yo pral depase limit 1.0 poustan an etidyan ki pral resevwa evalyasyon an, li obligatwa pou yo ranpli pati B epi ofri yon jistifikasyon alekri. Dokiman an, [Fòmilè Jistifikasyon 2021-2022](#) ka aksede sou [paj wèb](#). [Limit 1 Pousan Pou Evalyasyon onivo Eta as sou](#) sitwèb DDOE nou an.

Li obligatwa pou LEAs yo soumèt fòmilè jistifikasyon bay DDOE nan delè 22 oktob, 2021. Fòmilè jistifikasyon pou 2021-2022 a enkli garantii LEA te asire edikatè li yo te resevwa fòmasyon sou oryantasyon Eta a epi ekip IEP yo aplike kritè elijiblite idantifye pa DE (Ministè Edikasyon) nan pran desizyon patisipasyon pou etidyan ki patisipe nan AA-AAS.

Gen espas pou LEA ofri eksplikasyon adisyonèl sou rezon ki fè yo depase limit 1.0 poustan an. Direktè LEA ak Administratè Edikasyon Espesyal, li obligatwa pou toude siyen dokiman jistifikasyon an pou ofri aspirans kontni nan plan LEAs yo kòrèk. Y ap konpile jistifikasyon ak enfòmasyon aspirans yo reseva epi y ap pibliye sou paj wèb nou an.

“Lè yo soumèt aplikasyon sa a, distri a verifye tout etidyan k ap patisipe nan DeSSA-Alt satisfè [Zouti Priz Desizyon DeSSA-Alt](#) Ministè Edikasyon nan Delaware”

**(B) Pral adrese nenpòt dispwopòsyonalite nan etidyan k ap pran AA-AASS.**

Done sou patisipasyon ak pèfòmans anyèl ofri pa founisè evalyasyon altènatif epi yo mete l sou sistèm jesyon done EdInsights Reports nou yo.

Pou adrese dispwopòsyonalite, DDOE te itilize dokiman oryantasyon swivan yo ki soti nan Sant Nasyonal pou Rezulta Pedagojik (National Center of Educational Outcomes, NCEO)

- Oryantasyon pou ekzamine To Patisipasyon nan Evalyasyon altènatif  
Distri a <https://nceo.umn.edu/docs/OnlinePubs/NCEO1percentBrief.pdf>
- Oryantasyon pou ekzamine dispwopòsyonalite nan Patisipasyon Gwoup Etidyan nan Evalyasyon altènatif <https://nceo.umn.edu/docs/OnlinePubs/NCEOBrief18.pdf>
- Oryantasyon pou Ekzamine To patisipasyon ak dispwopòsyonalite  
<https://vimeo.com/325082455>

Ministè a pral chache adrese enkyetid sou dispwopòsyonalite nan poustantaj etidyan nan nenpòt sou-gwoup k ap pran altènatif DeSSA atravè etap swivan yo:

- Kalkile ak analize to patisipasyon pami sou-gwoup nan nivo eta ak distri;
- Idantifye sou-gwoup ki twò reprezante nan kontaj patisipasyon nan altènatif DeSSA;

- Revize jistifikasyon ak done distri pou idantifye mouvman etranj ak to patisipasyon ki wo atravè sou-gwoup.
- Analize done sou-gwoup sou yon peryòd tan pou idantifye tandans nan patisipasyon sou-gwoup nan kad objektif pou diminye dispwopòsyonalite.
- Sipò ak oryantasyon kontini pou itilizasyon apwopriye [Zouti Priz Desizon DeSSA-Alt](#)
- Kreye yon [Gid Akonpayman pou Zouti Priz Desizon altènativ DeSSA a](#)
- Angaje gwoup pati prenant pou adrese dispwopòsyonalite ak asire se sèlman etidyan ki gen andikap koyitif ki pi konsiderab yo k ap patisipe nan altènativ DeSSA;
- Rapòte done evalyasyon ak fòmilè jistifikasyon sou paj wèb Evalyasyon ministè Edikasyon Delaware la.
- [Oryantasyon ak Pwosedi pou Kalkile dispwopòsyonalite pou Evalyasyon altènativ DeSSA](#) ofri yon definisyon pou dispwopòsyonalite ansanm ak enstriksyon etap pa etap pou kalkile dispwopòsyonalite.

**Ekzijans 4 (§200.6(c)(4)(iv)): soumet yon plan ak yon kalandriye kote sa ki annapre yo pral reyalize:**

**(A) eta a pral amelyore aplikasyon oryantasyon patisipasyon li yo, sa enkli, si nesesè, revize definisyon li an konsènan "etidyan ki gen andikap koyitif ki pi konsiderab yo";**

Delaware te revize definisyon li an pou enkli mo jeneralize ak definisyon yon etidyan ki gen andikap ki pi konsiderab te ajoute nan zouti priz desizon eta nou an.

[Zouti priz desizon DeSSA-Alt](#) poste sou paj wèb [Evalyasyon altènativ DeSSA](#) epi li se yon anèks (B-3) nan Oryantasyon Elijbilité nou an. Desizon pou patisipe nan AA-AAAS fèt pa ekip Pwogram Edikasyon Pèsonalize a (IEP) epi dokimante nòmalman nan IEP etidyan an. Ministè a te kreye tou resous akonpayman swivan yo pou ekip IEP yo.

- [Gid akonpayman pou Zouti Priz Desizon pou Altènativ DeSSA a](#)
- [Oryantasyon ak pwosedi pou aplike zouti priz desizon](#)

Yo kreye gid sa a pou asiste ekip IEP pandan pwosesis priz desizon an lè y ap detèmine si li apwopriye pou yon etidyan patisipe nan Evalyasyon altènativ DeSSA.

**(B) Eta a pral pran mezi adisyonèl pou sipòte ak ofri sipèvizon apwopriye pou chak LEA kote Eta a antisipe pral evalye plis pase 1.0 pouzan ak AA-AAAS pou asire se sèlman etidyan ki gen andikap ki pi konsiderab yo ki pran AA-AAAS (sa dwe enkli yon deskripsyon sou kijan eta a pral kontwole epi règilyèman evalye chak nan LEAs pou asire LEA a ofri fòmasyon sifizan bay manm ekip IEP yo);**

**Siveye LEAs:** Nivo sipò

Dapre enfòmasyon yo ofri nan fòmilè jistifikasyon an, LEAs yo pral plase nan diferan nivo sipò.

Kategori sipò	Kritè
<b>Sipò inivèsèl</b>	≤ Patisipasyon 1% DeSSA-Alt <ul style="list-style-type: none"> <li>LEAs ki gen yon total popilasyon tès &lt;300 ak etidyan ki teste pou DeSSA-Alt &lt;5.</li> </ul>
<b>Sipò nivo 1</b>	Patisipasyon 1.1% - 1.5% DeSSA-Alt
<b>Sipò nivo 2</b>	≥ Patisipasyon 1.6% DeSSA-Alt <ul style="list-style-type: none"> <li>LEAs ki nan lekòl Espesyal ak ensidans wo etidyan ki gen andikap</li> <li>LEAs nan sipò nivo 1 pou 3 ane san chanjman.</li> </ul>
<b>Sipò nivo 3</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>LEAs nan plan sipò nivo 2 pou 3 ane san chanjman.</li> </ul>

- LEAs ki ant 1.1-1.5% pral plase nan sipò nivo 1. Sipò nivo 1 ekzije pou LEA ofri evidans kote edikatè yo fini pran fòmasyon obligatwa epi yon analiz pi detaye done patisipasyon yo kote yo ta pral adrese nenpòt enkyetid sou dispwopòsyonalite.
- LEAs ki gen to patisipasyon 1.6% ak pi plis pral plase nan sipò nivo 2. Sipò nivo 2 gen tout estipilasyon ki gen nan nivo 1, epi li enkli kreye yon plan aksyon epi sipò ki plis sible.

Pou asire ekip yo ap aplike zouti a nan fason jidisye, Delaware te kreye yon [Pwotokol Analiz IEP atravè Zouti Priz Desizyon altènatif DeSSA-](#) yo pral itilize pandan vizit lokal LEA pou asire yo swiv oryantasyon ak kritè patisipasyon yo pandan rankont ekip IEP yo. Vizit lokal LEA yo pral fè pati siveyans IDEA epi kèk nan sa yo chwazi yo pral baze sou to patisipasyon nan AA-AAS.

Eta a founi tou resous pou paran pou asire paran yo konprann tout enplikasyon ki genyen nan patisipe nan evalyasyon altènatif la. Plis resous disponib sou sit wèb nou an.

- [Gid Paran pou Evalyasyon altènatif](#)
- [Kisa Paran dwe konnen konsènan sipò Aksesiblite nan Evalyasyon Onivo Eta a](#)
- [Fich Deskripsyon DeSSA-Alt](#)
- [Diplòm Fen Etid Segondè Delaware konpare ak Diplòm Estanda Reyalizasyon altènatif](#)

**(C) Eta a pral adrese nenpòt dispwopòsyonalite nan pouvantaj etidyan k ap pran AA-AAAS.**

### Plan Ekzanpsyón Delaware pou 2021-22

Eta a pral kontinye satisfè tout lòt ekzijans nan seksyon 1111 nan ESEA epi aplike règleman konsènan tout estanda akademik ak evalyasyon Eta a detèmine, sa enkli rapòte rezulta ak pèfòmans eskolè etidyan, separe anfonksyon sou-gwoup, bay paran ak piblik lan.

Plan ak kalandriye eta a konsevwa pou l'adrese diminisyon nan pousantaj ki depase limit en pousan (1%) pou patisipasyon nan evalyasyon altènativ pral enkli tou, annakò ak ekzijans federal adisyonèl yo detaye nan 34 C.F.R. §200.6(c)(4). Plan sa a pral enkli tou klarifikasyon oryantasyon Eta a, devlopman pwofesyonèl, siveyans, ak sipò pou domèn nesesite yo idantifye. Konsistan ak plan ki soumèt nan demann ekzanpsyón an, DDOE pral aplike amelyorasyon sistèm epi siveye administrasyon fiti pou evite depase limit 1% an. DDOE pral ofri kat (4) nivo sipò. Apre analiz done, règ antrepriz te aplike pou satisfè nan fason apwopriye nesesite LEAs yo:

### **sipò inivèsèl**

Nan nivo inivèsèl sa a, Eta a pral adrese tandans jeneral ak nesesite fondamantal lè li patisipe nan ak/oubyen ofri eleman swivan yo:

- Ramase done, analiz, ak rapòte done jeneral ak done sou-gwoup
- Defini siveyans pou LEAs ki depase en pousan (1%).
- Klarifye definisyon eta a nan kesyon "etidyan ki gen andikap koyitif ki pi konsiderab yo"
- Aktyalize Oryantasyon Eta a, jan sa nesesè, pou patisipasyon nan evalyasyon altènativ.
- Lanse yon seminè vityèl espesifikman sou Oryantasyon Eta yo
- Souliye manyèl Oryantasyon Aksesiblite (ki atache) ak fòmasyon korespondan ki disponib atravè Schoology
- Ofri fòmasyon IEP ak aranjman adisyonèl pou anplwaye ak fanmi
- Ogmante konsyantizasyon ak mande fidbak ki lye ak limit en pousan (1%) pou evalyasyon altènativ, plan eta a, ansam ak done pati prenant nan nivo eta a ak LEA, sa enkli
  - Aksè a komite Pwogram eskolè Jeneral
  - Komite Konsèy Gouvènè a pou Sitwayen Eksepsyonèl (GACEC) (komite konsèy eta a)
- Ofri fòmasyon ak mizajou mansyèl ki lye ak definisyon, oryantasyon patisipasyon, ak sijè en pousan (1%) bay kad, kowalisyon, ak kowòdonatè rankont
- Ofri fòmilè pour ramase ak jistifye done sou en pousan (1%) bay LEAs
- Poste biblikman fòmilè jistifikasiyon, demann ekzanpsyón eta, ak plan ki gen kalandriye
- Asire sipò ak direksyon pou tout LEAs
- Itilize dokiman akonpayman pou Oryantasyon Eta pandan rankont IEP yo
- Kreyasyon ekstrè videoyo enfòmatif (<10 min.) sijè:
  - Ekzanpsyón "101"
  - Definisyon Andikap ki pi Konsiderab yo dapre Delaware
  - Oryantasyon Patisipasyon
  - Gid Akonpayman
  - Envantè Karakteristik Moun k Ap Aprann (LCI)
  - Ribrik IEP
  - Mizajou, chanjman, devlopman pwofesyonèl disponib

## **Sipò nivo 1**

Enkli sipò inivèsèl plis, nan nivo sa a, eta a pral adrese tandans jeneral ak bezwen fondamantal lè li patisipe nan ak/ouben ofri eleman swivan you:

- Ramase done, analiz, ak rapòte done jeneral ak done sou-gwoup.
- Fòmasyon nan Oryantasyon Eta a
- Ofri fòmasyon IEP ak aranjman adisyonèl pou anplwaye ak fanmi
- Asire sipò ak direksyon pou tout LEAs lè li rankontre ak Lidechip Edikasyon Espesyal pou siveye yo konplete lis verifikasyon

Distri ak lekòl endependan pral resevwa yon lis verifikasyon nivo 1 ke yo pral oblige ranpli ak soumèt bay DDOE kòm evidans yo satisfè ekzijans yo.

Apre 3 ane nan sipò nivo 1, LEA pral pase nan sipò nivo 2.

## **Sipò nivo 2**

Sa enkli sipò inivèsèl ak nivo 1 ak anplis:

Nan nivo 2, Eta pral adrese tandans ki pi espesifik ak bezwen LEA nan sipò pou redwi pousantaj nan etidyan k ap patisipe nan evalyasyon altènativ. DDOE pral analize aplikasyon oryantasyon patisipasyon eta a, ofri sipò teknik, evalye bezwen pou devlopman pwofesyonèl, ak ofri siveyans kontini pou LEAs nan nivo 2.

Asistans teknik ak devlopman pwofesyonèl

- Asistans sible bay LEAs
  - Rankont inisyal pou ekip LEA pou toude gwoup yo, sa enkli sijè:
    - Ekzanpsyon "101" (pale sou ekzanpsyon ak Estati Eta ak Estati LEA a).
    - Plan Delaware la
    - Ekzijans, nivo, sipò, ak kalandriye
- Devlopman pwofesyonèl ki lye ak enklizyon etidyan ki gen defisyans koyitif anndan distri k ap voye yo ak devlopman pwogram
- Devlopman pwofesyonèl dapre bezwen LEA ki idantifye ki lye ak elijiblite, konesans, ak seleksyon aranjman ki disponib ak apwopriye
- Twa (3) sesyon sipò zepòl-ak-zepòl

Yo pral bay LEAs yo yon Plan sipò Nivo 2 pou redwi Limit 1% an epi yo pral oblige ranpli ak soumèt li bay DDOE kòm evidans yo satisfè ekzijans yo.

## **Sipò nivo 3**

LEAs ki rete nan nivo 2 pou 3 ane pral resevwa sipò nivo 3. Yo pral resevwa yon sipò kontini ki gen plis apwofondi nan nivo estrikti teknik. Chak LEA pral itilize Zouti Siveyans Nivo 3 ki enkli yon Oto-Evalyasyon

domèn konsantrasyon ka enkli:

Asistans teknik, Devlopman ak sipò pwofesyonèl

- fòmasyon sible sou pwosesis idantifikasiyon ak oryantasyon patisipasyon eta a
- Dokimantasyon ak triyangilasyon revizyon done

- Pwosesis priz desizyon ekip IEP a
- Zouti ak estrateji pou enstriksyon ak sipò etidyan
- Seleksyon aranjman pou enstriksyon ak objektif evalyasyon
- Analiz done ki pi apwofondi
  - Konsantrasyon sou kategori andikap
  - Si li apwopriye pou patisipasyon

#### Kalandriye Delaware

Espas Tan	Tach 2021-2022
Septanm 2021	Jistifikasyon pou 2022 distribye pou yo ranpli yo.
Septanm 2021	enfòmasyon pataje ak Lidèchip Edikasyon Espesyal ak Kowòdonatè Tès Distri sou limit 1%
22 Oktòb, 2021	Delè fòmilè jistifikasyon nan men LEAs epi yo pral konpile ak pibliye sou <b>sitwèb 1%</b> nou an.
Oktòb – Novanm 2021	Finalizasyon gid akonpayman ki baze sou Zouti Priz Desizyon altènativ DeSSA a
Dawou 2021 - Mas 2022	Devlopman pwofesyonèl <ul style="list-style-type: none"> <li>• Eta a ofri atelye devlopman pwofesyonèl sou priz desizyon nan patisipasyon nan evalyasyon altènativ</li> <li>• Eta a ofri seminè vityèl sou definisyon ak oryantasyon patisipasyon eta a</li> <li>• Eta a ofri prezantasyon ak fòmasyon atravè seminè sou kijan pou lye evalyasyon ak enstriksyon</li> </ul>
<b>Desanm 2021</b>	<b>DDOE pral soumèt yon novo demann ekzanpsyon</b>
Desanm 2021 Janvye 2022	Avize LEAs ki pral kontinye resevwa sipò nivo 1 ak nivo 2.
Janvye - Me 2022	Ofri sipò teknik ak asistans sible bay LEAs sou plan sipò nivo 2
Janvye - Me 2022	Konsiltasyon kontini ak Gwoup Limit En Pousan (1%) <ul style="list-style-type: none"> <li>• Revize fòmilè jistifikasyon</li> <li>• Adrese enkyetid konsènan limit en pousan 1%</li> </ul>
Jen- Jiyè 2022	Soumèt yon demann ekzanpsyon - akoz novo evalyasyon nou an k ap kòmanse nan septanm 2022

Peryòd avi ak kòmantè Piblik  
Demann Ekzanpsyon - Annakò ak 34 C.F.R.  
§200.6(c)(4)  
29 Mas., 2022

Biwo Evalyasyon nan Ministè Edikasyon nan Delaware (DDOE) ap chache kòmantè sou demann ekzanpsyon swivan sa a. DDOE pral mande yon ekzanpsyon nan men Ministè Edikasyon Ameriken pou ane eskolè 2021-2022, annakò ak regleman ki twouye l nan 34 C.F.R. §200.6(c)(4) ki ekzije Ajans edikasyon Eta (SEAs, an anglè) pou limite kantite etidyan k ap patisipe nan evalyasyon altènatif eta nan yon domèn matyè obligatwa pou yo rete nan oubyen pi ba pase en pousan (1%) nan kantite total tout etidyan k ap pran evalyasyon an nan nivo eta a.

34 C.F.R. §200.6(c)(2) deklare:

*Pou chak matyè kote yo administre evalyasyon yo nan kad §200.2(a)(1), kantite total etidyan ki evalye nan matyè a lè yo itilize evalyasyon altènatif ak estanda reyalizasyon akademik altènatif anba paragraf (c)(1) nan seksyon sa a pa ka depase 1.0% nan kantite total etidyan nan Eta ki pral evalye nan matyè sa a.*

Ajans Edikasyon Eta a k ap mande yon ekzanpsyon oblige respekte ekzijans ki estipile nan 34 C.F.R. §200.6(c)(4) epi yo ka jwenn yo pi ba a. Done resan sou kantite etidyan k ap patisipe nan evalyasyon altènatif montre patispasyon altènatif nan prentan 2021 te nan 1.35% pou ELA, 1.435% pou matematik, ak 1.64% pou syans. DDOE ap mande yon ekzanpsyon pou patispasyon nan evalyasyon altènatif sa a yo antisipe ki pral plis pase en pousan (1%) annakò ak ekzijans ekzanpsyon ki anba a.

*Si yon Eta antisipe li pral depase limit ki anba paragraf (c)(2) nan seksyon sa a nan sa ki konsène nenpòt matyè kote yo administre evalyasyon yo nan kad §200.2(a)(1) pou nenpòt ane eskolè, Eta a ka mande pou Sekretè a retire limit la pou matyè ki koresponn lan, annakò ak seksyon 8401 nan Lwa a, pou yon ane. Yon demann konsa—(i) dwe soumèt omwen 90 jou anvan kòmansman peryòd tès Eta a pou matyè ki koresponn lan;*

Annakò ak ekzijans federal yo deklare, DDOE pral soumèt yon demann ekzanpsyon yon ane, ansanm ak yon plan ak kalandriye ki gen entansyon pou adrese rediksyon pouvantaj ki depase limit en pousan (1%) pou patispasyon nan evalyasyon altènatif. Enfòmasyon swivan an, jan yo detaye li an nan 34 C.F.R. §200.6(c)(4), pral enkli nan ekzanpsyon an:

- Done onivo eta Delaware, sa enkli
  - Kontaj sou-gwoop ak pouvantaj
  - To patispasyon nan evalyasyon altènatif
- Garanti nan men eta ke LEAs ki depase limit en pousan (1%) te swiv oryantasyon eta a nan detèmine elijiblite pou patispasyon nan evalyasyon altènatif.
- Yon plan ak kalandriye onivo eta a ki enkli
  - Klarifikasyon oryantasyon eta a, ansanm ak devlopman pwofesyonèl, pou elaji konpreyansyon ak enplémentasyon oryantasyon ak pwosesis idantifikasiyon an
  - Sipò ak siveyans pou LEAs k ap depase limit en pousan (1%), menm jan ak adrese nenpòt domèn ki idantifye kòm dispwopòsyonalite

#### AVI SOU PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK

Anvan yo soumèt demann ekzanpsyon sa a pou depase patispasyon en pousan (1%) nan evalyasyon altènatif, DDOE ap founi avi epi mande kòmantè piblik. Kòmantè sou ekzanpsyon yo pwopoze nan Delaware sa a annakò ak 34 C.F.R.

§200.6(c)(4) ka soumèt alekri soti nan dat 29 Mas 2022 pou rive 29 Avril 2022 bay Michelle Jackson, Delaware Department of Education, Office of Assessment, 401 Federal Street, Suite 2, Dover DE 19901 oubyen atravè imel nan Michelle.Jackson@doe.k12.de.us.

Notifikasyon sou soumisyon demann ekzanpsyon sa a pral poste piblikman sou sitwèb DDOE a. Adisyonèlman, enfòmasyon sa pral disemine bay direktè LEA, lidè ak kowòdonatè distri ak lekòl endependan, lidèchip edikasyon espesyal, gwoop konsèy paran ak pati prenant, ansanm ak edikatè. Yo pral anekse kòmantè yo resevwa yo ansanm ak soumisyon demann ekzanpsyon yo pral voye bay Ministè Edikasyon Ameriken.